

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan, pikeun maluruh struktur carita pondok jeung réalitas sosial pangarang dina carita pondok, panalungtik ngagunakeun ulikan struktur, jeung sosiologi sastra. Struktur anu ditalungtik ngawengku téma, fakta carita (alur, latar, karakter), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya jeung *tone*, simbolisme, sarta ironi). Réalitas sosial pangarang anu dipaluruh nya éta kaitanna jeung status sosial pangarang, idéologi sosial pangarang, kasang tukang sosial budaya pangarang, pakasaban saluareun jadi sastrawan, sarta profésionalisme pangarang sajeroning nulis karya.

Dumasar analisis data bab opat, bisa dicindekkeun kana sawatara poin saperti di handap.

5.1.1 Struktur Carpon

Dumasar kana hasil analisis struktur tina kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* bisa dicindekkeun sababaraha hal saperti di handap:

- 1) Téma dina kumpulan carpon *Carita lain Caritakeuneun* réana nyoko kana kamanusaan jeung sosial boh ngagambarkeun individu salaku bagian tina aktipitasna dina kulawarga boh interaksina jeung papada jalma dina hiji komunitas masarakat.
- 2) Galur anu dipaké ku Toni Lesmana dumasar tina kajadian dina carita galur mérelé jeung mobok tengah. Dina galur mobok tengah pangarang tara ngawawuhkeun heula palaku jeung kaayaan tempat lumangsungna carita tapi saukur saliwat, utamana dina carpon *Indung Jeung Anak*, *Korsi Goyang*, *Sihung Bulan*, jeung *Sakeureut Beungeut Hujan*.
- 3) Palaku anu aya dina carpon-carpon Toni Lesmana diébrehkeun dumasar kana pangalaman pangarang, jeung kaayaan masarakat di sabudeureun pangarang. Gambaran palaku lolobana ngabogaan watek anu kurang hadé sarta mikung

tina kahirupan anu sawajarna. Sok sanajan kitu, éta hal mangrupa kaayaan numutkeun pangalaman realitas pangarang anu dijadikeun kritikan jeung gagasan ngaliwatan palaku dina carita, sangkan nu maca bisa nyangkem ajen sosial sarta dijadikeun pieunteungeun kalayan positif.

- 4) Latar anu aya dina carpon-carpon karya Toni Lesmana lolobana ngagunakeun latar imah, leuweung, kaayaan pilemburan, sarta kaayaan dayeuh kiwari. Latar waktu anu digunakeun aya anu nuduhkeun beurang, peuting, jam jeung baheula. Latar sosial anu digunakeun nya éta kahirupan masarakat kelas handap, masarakat kelas menengah, sarta masarakat kelas luhur.
- 5) Judul dina carpon karangan Toni Lesmana umumna ngagunakeun ma'na injeuman sarta simbol anu henteu nuduhkeun langsung eusi carita, saperti carpon *Korsi Goyang*, *Purnama Peuting Katiga*, *Sihung Bulan*, *Carita Lain Caritakeuneun*, *Carita Can Kacaritakeun*, *Gog Gog Gog*, *Hah Héh Hoh*, jeung *Sakeureut Beungeut Hujan*.
- 6) Puseur Implengan anu digunakeun ku pangarang nyaéta jalma kahiji nu utama, jalma katilu kasengker, jeung jalma katilu teu-kasengker.
- 7) Gaya basa anu digunakeun pangarang dina dialog palaku réana ngagunakeun basa anu basajan, sedengkeun pikeun ngagambarkeun batin palaku sarta suasana latar kajadian direumbeuy ku gaya basa anu nimbulkeun kesan éstétis. *Tone* anu kapanggih dina sababaraha carpon aya anu ngeunaan amarah, guligah, romantis, jeung mistis.
- 8) Simbol dina carpon-carponna kaunggel dina kajadian, dialog palaku, sarta latar anu kaunggel dina carita.

5.1.2 Realitas Sosial Pangarang

Hubungan sosiologi pangarang jeung struktur karya dina kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* diantarana:

- 1) Pangaruh kasang tukang sosial budaya pangarang dina karyana, kaunggel dina sababaraha carpon anu ngagambarkeun téma, latar, sarta palaku carita dumasar pangalaman pribadi Toni Lesmana. Pangalaman mangsa keur leutik anu hirup kumbuh dina masarakat pilemburan sarta pakasabanna dina widang

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tatanén katitén dina carpon *Ciricit Beurit*, jeung *Sakeureut Beungeut Hujan*. Lian ti éta, ayana interaksi pangarang jeung lingkungan kota dina mangsa déwasa mangaruhan kana téma caritana, utamana dina téma ngeunaan kritik kaadilan sosial anu kagambar dina carpon *Indung Jeung Anak* sarta *Sihung Bulan*, eusina masualkeun kahirupan masarakat kelas handap nu jadi korban stigma ideologi komunis, sarta ngagambarkeun ngeunaan hak kabebasan salaku manusa anu digunasi ku pangawasa. Kitu ogé dina carpon *Korsi Goyang* ngeunaan kateuadilan babagi harta warisan dina hiji kulawarga. Lian ti éta, pasualan kamanusaan kagambar dina carpon *Nini Rumi*, *Purnama Peuting Katiga*, *Carita Lain Caritakeuneun*, *Carita Can Kacaritakeun*, *Carita Caria*, *Gog Gog Gog*, *Hah Heh Hoh*, sarta *Sakeureut Beungeut Hujan* anu masualkeun ngeunaan cinta, kahirupan kulawarga, jeung paripolah jalma kiwari anu mikung tina norma sosial anu lumaku di masarakat.

- 2) Dunia kapangarangan dijadikeun pakasaban utama pikeun Toni Lesmana, éta hal katitén dina cutatan wawancara anu negeskeun saenyana aktivitas kapangarangan jadi sumber ekonomi utama pikeun pangarang.
- 3) Kritik sosial salaku ideologi pangarang anu katitén dina karyana nya éta, gambaran kahirupan masarakat miskin, kriminalitas, *disorganisasi* anggota kulawarga, masalah seks bebas di kalangan rumaja, *alkoholisme*, *homoseksualitas*, masalah lingkungan hirup, sarta pasualan kateuadilan.
- 4) Kalungguhan sosial pangarang di masarakat saluareun aktivitas kapangarangan nya éta, aktip dina program-program revitalisasi dina kagiatan seni tradisi. Aktivitas saluareun kapangarangan méré pangaruh pikeun karyana, éta hal katitén dina carpon anu judulna *Nini Rumi* nu ngagambarkeun ngeunaan kahirupan palaku utama anu masih kénéh ngamumulé seni tradisi ronggég gunung. Lian ti éta, icikibungna dina kagiatan kasenian pikeun pangarang mangrupa *stimulus* sarta méré inspirasi pikeun karya-karyana.
- 5) Kamampuh pangarang dina ngaguar isu sosial jeung kamanusaan, dibarung ku kaparigelan pangarang dina ngolah basa henteu leupas tina hiji prosés kreatif anu salila ieu dilakonan dina nulis sajak jeung carpon, boh dina basa

Indonésia boh dina basa Sunda. Alatan hal éta, pangarang ngabogaan

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

anggapan, yén dina nyusun hiji karya kudu ngalakonan hiji prosés anu kalayan sadar dipilih ku pangarang pikeun ngudag aspék kaéndahan jeung totalitas dina karyana. Nurutkeun pangarang, léngkah-léngkah pikeun ngudag totalitas dina karyana nya éta prosés dina riset ka lapangan, seléksi jeung ngombinasikeun ide kana wangun kekecapan, maluruh réferénsi ngeunaan téma carita sangkan karasa logis, sarta ngarévisi bahan karya nepi ka jadi naskah.

5.1.3 Pedaran Alternatip Bahan Ajar

Hasil analisis ngeunaan pangaruh aspék sosial pangarang dina kumpulan carpon bisa dilarapkeun jadi bahan pangajaran di SMK kelas XI. Ku cara diguar sacara nyosok jero ngeunaan unsur-unsur anu aya dina carpon sarta patalina jeung kasang sosial pangarang salaku anu nyiptakeun karyana. Tina nalungtik karya sastra bisa jadi pieunteungeun pikeun siswa ngaliwatan gagasan, ide jeung atikan moral tina kahirupan sosial masarakat anu kagambar dina unggal carpon. Moral-moral kamanusaan anu nyampak dina unggal carpon bisa jadi bekel pikeun siswa dina mekarkeun karakter anu nyampak dina diri siswa.

5.2 Saran

Sabada diayakeun paalungtikan, aya sababaraha hal anu disarankeun pikeun panalungtikan ka hareupna, nya éta:

- 1) Carpon saéstuna miboga ajén boh sosial atawa budaya anu bisa méré muatan positip pikeun anu maca.
- 2) Ieu panalungtikan bisa dijadikeun réfénsi pikeun panalungtikan satuluyna, hususna pikeun kamekaran élmu pangaweruh widang sastra Sunda dina wangun prosa.
- 3) Ieu hasil panalungtikan bisa dimangpaatkeun dina widang atikan, nya éta bisa dijadikeun salah sahiji bahan ajar pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran sastra, sarta nambahan pangaweruh siswa ngeunaan aspék sosial anu kaunggel dina karya.

